

# ФАРН

*Уе `ппæт сагъæстæ раттут Хуыцауæн*


ДЖОЙС МАЙЕР

**«The New York Times»-ы номхыгъдмæ гæсгæ зындгонддæр чингуыты автор**

# ФАРН

***Уе `ппæт сагъæстæ раттут Хуыцауæн***

ДЖОЙС МАЙЕР

**Peace, Joyce Meyer, Ossetian**
Copyright © 2025 by Joyce Meyer, Ossetian

Joyce Meyer Ministries
P.O. Box 655
Fenton, Missouri 63026
joycemeyer.org

**Фарн, Джойс Майер, Ирон æвзагыл.**
Copyright © 2025 by Joyce Meyer, ирон æвзагыл

Æппæт бартæ дæр сты хъахъхъæд. Ацы чиныгæй, кæнæ дзы цыфæнды скъуыддзæгтæ æмæ цитатæтæй халдихтæ аразыны бар нæй, йæ рауадзæгæй бар нæ райсгæйæ.

## Сæргæндтæ


Разныхас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5

1. Цы ис дæ зæрдæйы мидæг? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7

2. Фарн куыд ссарæм? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9

3. Фарн нын разамонæг уæд! . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13

4. Чи уын давы уæ фарн? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17

5. Фарн цæмæн у афтæ ахсджиаг? . . . . . . . . . . . . . . . . . 21

6. Нæ уавæр фæлварæны заман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27

7. «Абон»-æй цæрут . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33

8. Кувындзинад фарн дæтты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39

Райдайут ног цард! . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42

Авторы тыххæй . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44

# Разныхас

«…Тæхудиаг цардæй цæрын, амондджын бонтæ æрвитын кæй фæнды, уый …ныууадзæд фыдæх æмæ аразæд хорз хъуыддæгтæ, зæрдиагæй тырнæд фарнмæ» (1 Петры 3:10,11).

Æз кувын, цæмæй дын ацы чиныг баххуыс кæна, «дæ зонд кæуыл не`ххæссы», ахæм фарн ссарын дæ зæрдæйы (Филиппæгтæм 4:7).

# Цы ис дæ зæрдæйы мидæг?

# 1

# ЦЫ ИС ДÆ ЗÆРДÆЙЫ МИДÆГ?

«Фарн уын уадзын Мæ фæстæ, Мæ фарн уын дæттын. Дуне куыд дæтты, Æз уын æй афтæ нæ дæттын. Ма тыхсут æмæ ма тæрсут» (Иоанны 14:27).

Цалдæр хатты бакæс чиныджы ацы бынат, ахъуыды йыл кæн, баудай йæ дæ зонды.

Нæ алыварс цы дуне ис, уымæн йæ бон у махæн æрмæст рæстæгмæйы фарн раттын, бæлвырддæр та, йе `нкъарæнтæ, æмæ уый дæр, дæ хъуыддæгтæ хорз куы цæуой, уæд. Фæлæ царды исты тыхстдзинад куы `рцæуы, уæд дзы фарны кой нал вæййы, æмæ зæрдæмæ бацæуы сагъæс æмæ тас. Йесо цы фарн дæтты, уый та дæ никуы ныууадздзæн, нæдæр хорз бонты æмæ нæдæр æвзæр бонты, нæдæр хъæздыгдзинады æмæ нæдæр мæгуырдзинады. Йæ фарн алы уадтымыгъ дæр æрсабыр кæндзæн.

Басæтт, дæу фæнды, цæмæй дæ царды алы хъуыддаг дæр дæ фæндонмæ гæсгæ уæ, афтæ нæу? Мæ хъуыдыйы нæй дæуæн хъыгдзинад æрхæссын, фæлæ уый у æнæрцæугæ бæллиц. Æз бирæ азтæ

архайдтон, мæ зæрдæмæ цы нæ цыди, уыцы зындзинæдтæй фервæзын. Фæндыди мæ, цæмæй алы фыдæвзарæн дæр мæнæй иувæрсты ацыдаид. Уæдæ куыннæ! Цас фылдæр мæ рæстæг Хуыцауимæ иудзинады æрвыстон, уыййас фылдæр æмбæрстон: ацы царды «дымгæтæ» æмæ фыдæвзарæнты сæрты хъуамæ цæуай уды фарнимæ, æнæ хъынцъымæй, æнæ тæрсгæйæ, æмæ уæд уыцы фыдæвзæрæнтæ тагъддæр фæуыдзысты.

Библийы фæрстыл Йесо сиды, ма тæрсут, зæгъгæ (Кæс Иоанны 14:27). Æз цалдæр хатты кастæн Библийы ацы бынат, бирæ йыл фæхъуыды кодтон, цалынмæ нæ бамбæрстон, цы кусын уый: тыхсын æмæ тæрсын алы уавæры дæр.

Æрхъуыды-ма кæн, Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн куыд бауайдзæф кодта, уыдон денджызы уадтымыгъæй куы фæтарстысты, уæд (Кæс Маркы 4:40). Йесо канд сабыр нæ уыд, фæлæ ма фынæй дæр кодта, Йæ ахуыргæнинæгтæ та уыцы рæстæг æвирхъау тасæй ризыдысты. Ды та? Уыцы науы, уадтымыгъы астæу, Йесойы уынгæйæ, уыдаис æдас æмæ фæрнæйдзаг?

Дæ зæрдæйы рæбын Йесойы фарн хъахъхъæн æмæ уæд алы бон дæр хорздзинад уындзынæ æмæ цин кæндзынæ. Фæлæ кæд дæ мидæг фарн нæй, уæд дæм дæ цард дæр æнад фæкæсдзæн.

# 2

# ФАРН КУЫД ССАРÆМ?

Фарн ссарыны тыххæй æрмæст уынаффæ рахæссын пайда нæ ратдзæн, кæд æмæ дзы бæлвырд ахуырад нæ уа, уæд. Дæ фæндон у дæ фыццаг къахдзæф. Бæлвырддæр æмбарынадæн уын мæ цардæй дæнцæгтæ æрхæсдзынæн.

Иу æцæгдзинад мын бæххуыс кодта цинæйдзаг цард райдайын æмæ зæрдæйы фарн æмæ æнцойад бахъахъхъæнын. Уый у: мæ бон цы саразын нæу, ууыл архайын у æнæпайда æмæ дзæгъæлы хъуыддаг. Ды дæр, мыййаг, дарддæр архайыс, дæ бон цы нæу, уый аразыныл? Æмæ уый фæстæ мæсты кæныс, уымæн æмæ æнæпайда уыдысты дæ фæлвæрдтæ? Гæнæн цæмæн нæй, уый æрмæст Хуыцауы бон  у скæнын, æмæ йæ рæстæг куы æрцæуы, уæд æй саразы. Алы хъуыддагæн дæр ис йæхи афон. Афон кæмæн нæма у, ууыл архайын у æнæхъуаджы хабар.

Зæгъæм, дæ зæрдæйы нæ уыди æнцойад - Хуыцауæй лæвæрд нысан, афтæмæй дын цавæрдæр

хуызы дæ бæллиццаг хъуыддаг бантысти. Бауырнæд дæ, уыцы хъуыддагæн йæ кæрон уæддæр дæ зæрдæмæ нæ фæцæудзæн. Сахуыр у Хуыцаумæ æнхъæлмæ кæсын. Уæд уыцы хъуыддаг Уымæн æрхæсдзæн кад æмæ цыт, дæуæн та — фарн æмæ æнцойад.

Ды æнæбантысгæ хъуыддаг фæлварыс саразын? Искуы бафæлвæрдтай искæцы адæймаджы раивын — дæ бинойнаджы, дæ сывæллоны, дæ хæстæджы, кæннод та дæ хæлары сраст кæнын? Адæймагæн адæймаджы раивын йæ бон нæу. Æрмæст Хуыцауы бон у адæймагæн йæ мидзæрдæмæ раст фæндон бахæссын. Нæхæдæг куы архайæм искæй сраст кæныныл, уæд дзы хорзæй ницы рауайдзæн — йæ кæрон уыдзæн рыст, йæ фарн та — сæфт. Адæймаг афтæ сконд нæу, цæмæй йыл искæй домæнтæ уæз кæной, фæлæ у сæрибар, æмæ хъуамæ йæхæдæг равзара, хорз æмæ растыл цы нымайы, уый.

Нæ æмкъайдзинады райдайæны æз сфæнд кодтон мæ лæг Дейвæн гольф клубы хъазын ныууадзын кæнын. Æз æнхъæлдтон, уый æгæр бирæ рæстæг сафы уыцы хъазтыл, мæн та фæндыди фылдар хъусдард уымæй. Уæд æз уымæн бирæ хин хъуыддæгтæ бафæлвæрдтон: тæргай кодтон, йемæ нал дзырдтон, хыл йæм кодтон… Фæлæ мын дзы ницы уади. Кæддæр иу хатт-иу уый йæ хъазт ныууагъта, фæлæ мын уый цин нæ хаста, уымæн æмæ йæ зыдтон, афтæ мæ хатырæй кæй бакодта, йæхи та нæ фæндыди. Уæд бамбæрстон: тыхмийæ

куы амал кæнай дæ фæндон сæххæст кæнын, уæд дæ фарн уымæй давд æрцæудзæн, исты дын дзы куы бантыса, уæддæр.

Кæннод æндæр цæвиттон: дæ уды уавæр дæ зæрдæмæ нæ цæуы, æмæ амал кæныс истыхуызы дæхи фæхуыздæр кæнай. Фæлæ дæ уавæр раивын у æрмæст Сыгъдæг Уды хъаруйæн. Уый дæ разы ис кæддæриддæр æмæ цæттæ у аххуысмæ. Уый дæ бакæндзæн Хуыцауимæ хæстæгдæр иудзинадмæ æмæ уды хъомыладмæ.

Кæннод та дæ фæнды дæ алыварс де `взæр уавæр раивын. Уый дын бирæ хуыздæр æмæ тагъддæр рауайдзæн, æххуыс Хуыцауæй куы ракурай, уæд. Фендзынæ, куыд сæххæст уыдзысты, æнхъæлмæ кæмæ кастæ, дæ уыцы ныфсытæ. Кæс, æцæг цы у, уымæ.

# Фарн нын разамонæг уæд!

# 3

# ФАРН НЫН РАЗАМОНÆГ УÆД!

Колоссæгтæм 3:15 ис фыст:

«Чырыстийы фарн (ома æххæст æнцойад) разамынд дæттæд (æдзух уынаффæгæнæгау архайæд) уæ зæрдæтæн».

Спортивон ерысы тæрхонгæнæг скъуыддзаг кæны, чи фæуæлахиз уыдзæн, уый. Афтæ, æнцойад дæр ахæм уынаффæгæнæг уæд нæ царды. Йæхæдæг скъуыддзаг кæнæд, цы æмбæлы æмæ цы не `мбæлы нæ царды, уый.

Бирæ адæм не ссарынц уыцы циндæттæг æнцойад сæ царды, уымæн æмæ Хуыцауы фæндоны бæсты сæхи фæндон уæлдæр сæвæрынц. Уыдон аразынц, сæ зæрдæмæ цы цæуы æмæ растыл цы нымайынц, уый, Хуыцауы Ныхасы уынаффæмæ та нæ хъусынц.

Мæнæн-иу цалдæр хатты фæзынд фадат мæ зонды фæнд сæххæст кæнын, афтæ мæм касти, хорз уаид уыцы фадатæй спайда кæнын. Фæлæ йæ иу хатт бамбæрстон: дæ зæрдæйы æнцойдзинад куы нæ уа,

уæд уыцы фæндон хъуамæ ныууадзай. Фарн æмæ æнцойад уæ царды куы уæлахиз кæной, уæд уæхи бирæ радыдтытæй бахиздзыстут.

Фарн нын разамонæг уæд! Дæ уды фарн куы нæ уа, гуырысхо куы кæнай, уæд дæхи фæуром исты зынаргъ дзаума æлхæнынæй дæр. Дæ мондæгтæ йыл куы уадзай, уæддæр йыл уый фæстæ фæсмон кæндзынæ, уымæн æмæ дæ Сыгъдæг Уд дзæгъæлы нæ урæдта уымæй.

Мæнмæ бирæ æнкъарæнтæ сывзæры, фæлæ дзы кæцыдæртæ аиуварс кæнын, мæ мидæг зæрдæхсайд куы фæхатын, уæд. Æз бамбæрстон: мæ балцыл хъуыдытæ мæ тыхсын куы кæной, æмæ сæм мæ хъус куы нæ æрдарон, уæд ыл фæстæдæр æнæмæнг фæфæсмон кæндзынæн. Уый фæстæ та мын йæ аххосаг дæр раргом уыдзæн, цæй тыххæй не `мбæлыд уыцы балцы цæуын.

Иу цау мæ зæрдыл æрлæууыдис: Хуыцауы фæстæ цæуын куы райдыдтон ног уырнæгæй, уæд мæ замманайы хорз бынатмæ фæхуыдтой. Уыцы рæстæджы мæ арæх нæ хуыдтой Хуыцауы Ныхас дзурынмæ, æмæ сын æвæстиатæй сразы дæн, уымæн æмæ мын ахсызгон уыд уыцы æгъдау æххæст кæнын. Фæлæ-иу, куыддæр ахъуыды кодтон мæ балцыл, афтæ-иу мыл гуырысходзинад фæуæлахиз ис. Рæстæг куыд цыди, афтæ мæ тыхст дæр фылдæр кодта, уый фæстæ та æнæнхъæлæджы ме `нцойад бынтондæр фесæфт. Уæд аскъуыддзаг кодтон: нал

ацæудзынæн. Загътон сын, кæд æндæр адæймаг не ссарой, уæд сæм æрцæудзынæн, фæлæ мæ зæрдæ кæй æхсайы уыцы балцмæ, уый дæр сын загътон. Уыдон мæ бамбæрстой æмæ мæ суæгъд кодтой мæ хæсæй.

Фæстæдæр рабæрæг ис ахæм хабар: мæ бæлцы бон мæхи аргъуаны уыд нæуæг агъуысты баконд. Уыцы рæстæджы нæ аргъуаны хистæр кусæгæн æз уыдтæн йæ æххуысгæнæг æмæ дзы æнæмæнг хъуамæ уыдаин. Уыцы хабары тыххæй мын Хуыцау развæлгъау ницы загъта — афтæ уыди Йæ фæндон. Фæлæ нын Йæ ныхас куыд амоны, афтæ Йæ коммæ кæсæм æмæ аразæм.

Нæ алы хъуыддаджы дæр мах хъуамæ хъусæм, нæ зæрдæйы цы фарн ис, уый сабыр хъæлæсмæ. Арæх нын æрмæст уый февдисы, цы уынæффæ рахæссæм, кæннод та куыд аскъуыддзаг кæнæм исты хъуыддаг, уый. Хуыцауы ныхасæн ут коммæгæс, æмæ уæ цард уыдзæн фарн æмæ циндзинадæй æххæст.

# Чи уын давы уæ фарн?

# 4

# ЧИ УЫН ДАВЫ УӔ ФАРН?

Алы адӕймагӕн дӕр йӕ царды ис йӕ тыхст ӕмӕ йӕ мӕт. Хӕйрӕг уӕ йӕ цӕстдардӕй нӕ уадзы уӕ царды дӕргъы. Уый йӕ хорз зоны, де стырдӕр тыхст цӕуыл у. Фӕлӕ йӕ сымах дӕр хъуамӕ бӕлвырд зонат, цӕуыл тыхсут, цӕмӕй уыцы фӕлварӕнтыл цӕугӕйӕ, уӕ фарн ма фесафат.

Алкӕцы адӕймагӕн йӕхи сагъӕс ис ӕмӕ йӕ алы тыхстӕн дӕр ис йӕхи аххосаг. Зӕгъӕм, мӕн цы тыхсын кӕны, уый мӕ сӕрыхицаумӕ ӕппындӕр нӕ хъары. Ӕз уарзын сабырдзинад ӕмӕ хъӕлӕбайӕ фӕллайын, фӕлӕ уый та хъӕлӕбайӕ бынтон дӕр нӕ тыхсы. Уымӕн йӕ бон у чиныг кӕсын, нӕ чызг музыкӕмӕ хъӕрӕй куы хъуса, нӕ лӕппу та куыдзимӕ куы хъаза, уӕд.

Мӕнӕн искуыдӕм тагъд кӕнын мӕ бон нӕу ӕмӕ нӕ уарзын, куы мыл байрӕджы вӕййы, уый. Мӕ сӕрыхицау та сабыргай йӕ куыстытӕ фӕкӕны ӕмӕ стӕй хӕдтӕхӕджы хуызӕн фӕцӕйлидзӕм нӕ хъуыддӕгты фӕдыл. Ӕз тынг фӕтыхсын уымӕй ӕмӕ

мæ фарн фесафын.

Мах иухуызæттæ не стæм. Цы уын давы уæ фарн? Уæ фарн уын цы давы, уыдон ранымайут æмæ сыл уæ бинонтимæ бауынæффæ кæнут. Уæ кæрæдзийæн раргом кæнут, цы уæ тыхсын кæны æмæ иннæ адæймаджы цы мæсты кæны, æмæ уымæй уæхи бауромут.

Мæ лæгимæ зæрдæрухсæй бирæ азтæ цæрæм иумæ æмæ кæрæдзи хорз æмбарæм. Фæлæ мæ зæрдæмæ цы цæуы, уый та хатгай Дейвы зæрдæмæ нæ цæуы, æмæ уый мæнæй рох нæу. Кæд æмæ ды адæймагимæ рагæй цæрыс, уæд ын йæ лæмæгъдзинæдтæ дæр тынг хорз зоныс, æмæ дæм куыд кæсы, хорз нæ уаид, цы йæ хъыг кæны, уымæй дæхи бауромай?

Æз исты куы аразын, кæннод куы улæфын, уæд уый архайы сабырдзинадыл. Дейв зоны, фæллад куы вæййын, уæд алы хъуыддагыл мæсты кæнын. «Уæ кæрæдзийæн царды уаргъ хæссынмæ æххуыс кæнут» (Галатæгтæм 6:2) æмæ бацархайут ууыл, цæмæй уæ кæрæдзи хъыгдзинадæн быхсат, уымæн æмæ махæй æххæст ничи у.

# Фарн цæмæн у афтæ ахсджиаг?

# 5

## ФАРН ЦÆМÆН У АФТÆ АХСДЖИАГ?

Мах зонæм, Сыгъдæг Уд баст у фарнимæ. Фарн кæм ис, æрмæст уым архайы Сыгъдæг Уд. Уыцы æнцойады бирæ тых ис. Йесо дæр нын уымæн афтæ дзуры*: «Фарн уын уадзын Мæ фæстæ, Мæ фарн уын дæттын»* (Иоанны 14:27).

Уды знаг цæмæн афтæ тынг архайы дæ фарн фесафынбил?

Зæгъæм, дæ царды зындзинад фæзынди. Мæсты æмæ тыхсгæ куы нæ кæнай, уæд уды знаджы бон дæр ницы бауыдзæн. Хуыцауыл куы æуууæндай æмæ Йе `нцойады куы уай, уæд уыдзынæ тыхджын. Тæрсын æмæ тыхсын куы райдайай, уæд уавæр хæйрæджы дæлбар бахауы. Уымæ гæсгæ, зын уавæры куы уай, уæд дæхи сабыр дар, цæмæй уды знагæн хынджылæггаг ма фæуай. Зындзинады адæймаг райдайы хъуыр-хъуыр æмæ хъаст кæнын, фауын, æфхæрын – уымæй уды знагæн бынат ратты, æмæ йæ уавæр фæфыддæр кæны.

Библи зæгъы: «Афтæ, æвзаг дæр хæрзгыццыл

уæнг у, фæлæ йын тынг бирæ æнтысы. Кæсма, хæрзгыццыл зынгæй цы стыр арт сирвæзы! …йæхæдæг та зындоны артæй судзы» (Иаковы 3:5,6). Хæйрæджы фæнды дæ фарн адавын — уæд ын æнцон уыдзæн дæу йæ дæлбар бакæнын.

Искуы бафиппайдтай, куы фæхъавыс аргъуанмæ цæуын, кæннод Библи бакæсын, уæд дын уайтагъд къуылымпытæ фæзыны?

Раздæр-иу, хуыцаубоны, райсомæй, нæ хæдзары ахæм хъæлæба сыстади, æмæ-иу стæм хатт нæ кæрǽдзи нæ фæхъыг гæнгæйæ, мах аргъуанмæ нæ цыдыстæм. Кæннод-иу исты ацъæл ис, кæннод та исты фесæфтам. Нæ сывæллæттæ та æнæхъæн къуыри сæхи хорз дардтой, фæлæ-иу хуыцаубон фæхыл сты. Æз нæ фæразын хъæлæба, æмæ-иу цас фылдæр змæст уыдис мæ фарсмæ, уыййас фылдæр-иу мæсты кодтон. Æз-иу райдыдтон хъуыр-хъуыр кæнын æмæ мæ мæстыгæрдзинад æвдисын. Мæ лæг та нæ фæразы хъуыр-хъуыр æмæ домдта, цæмæй æз банцадаин. Уæд-иу мæ маст бынтон рафыхти, æмæ-иу фæхыл стæм. Нæ хъæрмæ-иу сывæллæттæ кæуын райдыдтой. Уæдмæ та нæ куыдз ралидз-балидз кодта искæй дзабыримæ йæ дзыхы – уыцы дзабыр-иу уыди змæстæн йæ райдианы аххосаг.

Иаковы æрвыстæн ацы бынат 3:18 куы фæкæсын, уæд æй бамбарын, цæмæн афтæ вæййы. Хъуыддаг уый мидæг ис: дæ зæрдæйы фарн ис æви нæ. Дæ

зæрдæйы фарн куы уа, уæд Хуыцауы Ныхас уым йæ уидæгтæ ауадздзæн æмæ хорз тыллæг æрхæсдзæн.

Кæд, мыййаг, сымах царды дæр вæййы ахæм фæлварæнтæ аргъуанмæ цæуыны афон?

Хæйрæджы хинæйдзаг хъуыддæгтæ ма рох кæнут. Павел куыд дзуры: «Цæмæй нын хæйрæг зиан ма ‘рхæсса – йæ фыдвæндтæ нын зындгонд сты» (2 Коринфæгтæм 2:11). Дæхи хъахъхъæн, уымæн æмæ: «Ут къæрцхъус æмæ цырд лæуут, уымæн æмæ уæ фыдгул, хæйрæг цæуы богътæгæнæг домбайау æмæ агуры, кæй аныхъуыра, ахæмты» (1 Петры 5:8).

Йæ амæттаг ма баут! Мæсты кæнын куы райдайут, уæд уæхиуыл фæхæцут æмæ æрсабыр ут. Уæ зæрдыл дарут: уæ фарн уæ тых у!

«Æмæ хæйрæджы æмгæрон ма уадзут» (Эфесæгтæм 4:27). Ды мæсты куы фæкæныс, уæд дæм уый лæбуры. «Куы смæсты вæййут, уæд-иу тæригъæды ма бафтут: дæ мастæй фервæз, цалынмæ хур нæ аныгуылд, уæдмæ» (Эфесæгтæм 4:26).

Сыгъдæг Уд Йæхи æнцад æмæ сабыр уавæрты æвдисы. Дæ зæрдæ змæст куы уа, уæд Йæ бон нæ бауыдзæн дæуæн исты бамбарын кæнын.

Йесо сæвзæрста иннæ дæс æмæ æртиссæдз ахуыргæнинаджы æмæ сæ Йæ разæй дыгæйттæй арвыста, цæмæй дзæбæх кæной ранчынты, æгас кæной мæрдты, сурой дæлимонты æмæ адæмæн фехъусын кæной Фарны Уац. Æмæ сын бафæдзæхста, искæцы сахармæ куы бацæуат æмæ уæ куы не

суадзæг кæной, уæд-иу, уынгмæ рацæугæйæ, зæгъут: «Уæ сахары ныл цы рыг æрбадт, уый дæр цæгъдæм нæ къæхтæй, уæхицæн уын æй уадзæм...». Цæмæн? Уымæн æмæ уыцы ран фарн куы нæ уа, уæд, Йесо цы хъуыддæгтæ аразын бафæдзæхста, уыдонæй Йæ ахуыргæнинæгтæн сæ бон ницы саразын бауыдзæн.

«...Кувут, цæмæй фæлварæны ма бахауат» (Лука 22:46). Дæхи хъаруйæ исты скæнынмæ ма хъав. Кув, цæмæй дын Хуыцау баххуыс кæна æмæ дæ бафидар кæна.

«...Æнæ Мæн уæ бон ницы аразын у» (Иоанны 15:5). Йесо Чырыстиимæ та уæ бон æппæт дæр у (Филиппæгтæм 4:13). «...Удвидар кæнут Бардарæгимæ, Йæ хъомыс æмæ Йæ хъаруйы фæрцы» (Эфесæгтæм 6:10).

# Нæ уавæр фæлварæны заман

# 6

# НÆ УАВÆР ФÆЛВАРÆНЫ ЗАМАН

«Уый тыххæй уæхи сифтонг кæнут Хуыцауы хотыхтæй, цæмæй, фыдæвзарæн бон куы ралæууа, уæд уæм ныхмæ æрлæууыны хъару разына, æппæтыл дæр фæуæлахиз уат æмæ ма фæцудат» (Эфесæгтæм 6:13).

«Мах Хуыцауы сконд стæм, Йесо Чырыстийы фæрцы нæ сфæлдыстæуыд, Хуыцау нын рагацау кæй снысан кодта, уыцы хорз хъуыддæгтæ аразынмæ» (Эфесæгтæм 2:10). «Сымах кæддæр дард уыдыстут, ныр та Йесо Чырыстиимæ иудзинады фæрцы баиу стут, æмæ уæ Йæ Туг æрбахæстæг кодта кæрæдзимæ» (Эфесæгтæм 2:13). Библийы ацы дыууæ бынаты фыст ис, мах Йесо Чырыстийы кæй стæм, уый. Йесо загъта:

«Сымах Мемæ куы уат æмæ Мæ ныхæстæ уæ зæрдæйы куы цæрой, уæд цыдæриддæр ракурат — райсдзыстут æй».

Де 'ккой ма скæн æгас зындзинæдты уаргъ, фæлæ йæ зон, Хуыцау дын дæ алы хъуыддæджы дæр кæй

баххуыс кæндзæн. Уый зонгæйæ, у сабыр. Цыфæнды куы уа, уæддæр дæ Хуыцау нæ ныууадздзæн, æрцæуудзæн дæм æххуысмæ, 2 Азфысты 20:17 куыд фыст ис, афтæ: «Æнцад-иу лæуут æмæ кæсут, Дунедарæг уæ куыд фервæзын кæндзæн, уымæ».

«Æмæ æппындæр уæ ныхмæлæуджытæй ма тæрсут (абон). Хуыцау сын уе ’хсары (æнæфæцудгæ æмæ фидар) руаджы равдисдзæн (æнæмæнгæй): уыдон фесæфдзысты, сымах та фервæздзыстут» (Филиппæгтæм 1:28). Сыгъдæг Фысты цалдæр хатты ист загъд ахæм ныхæстæ.

Хæйрæг дын æвзæрдзинад куы араза, ды та дæхи сабырæй куы дарай, уæд ын йæ æдыхдзинад æвдисыс.

Уый нал зондзæн, цы ма дын бакæна, йæ бон дæу мæтæй марын куы нæ уа, уæд. Хуыцауæн та дæ сабырдзинад дæтты фадат алы фыдæхæй æмæ дæ алы сагъæсæй ссæрибар кæнын, уымæн æмæ дæ сабырдзинад дæ фидар уырнондзинад æвдисы (Дзуттæгтæм 4:3).

Дæхи буцæй дар, цин кæн царды алы хорздзинадыл æмæ Хуыцауæн арфæ кæн, уымæн æмæ дыл Уый æдзух Йæ цæст дары. Зæгъдзынæ: зын у цин кæнын, адæймагыл зындзинæдтæ куы æртыхсынц, уæд. Уæдæ, дæ ныфс куы сæттай, уæд та дæ зындзинæдтæ къаддæр нæ, фæлæ фылдæр кæнынц. Зон æй, циндзинадæн, куыд фарнæн, афтæ ис стыр тых æмæ у Хуыцауыл дæ ныфсæвæрды нысан.

Цалдæр азы размæ, фыдæвзарæнты иу куы бахаудыстæм, уæд-иу мæ лæгæн раздæрау амондджын хуыз уыди, къаддæр нæ цин кодта йæ цардыл. Æз та йæм мæсты кодтон, мæ хуызæн тыхст æмæ мæтæйдзаг кæй нæ уыди, уый тыххæй.

Арæх æхцацух дæр уыдыстæм. Мæ лæг Дейв, Хуыцауыл æууæндгæйæ, дзырдта мæнæн: «Библийы фыст ис, цæмæй мах нæ сагъæстæ Хуыцауæн раттæм, уымæн æмæ нын Уый мæт кæны. Æз ма цæуыл хъуамæ тыхсон? Мыййаг нын тыхстдзинад æхца æрхæсдзæн?»

– О, уыдæттæ æз дæр зонын, фæлæ исты куы саразис.

– Хорз, цы хъуамæ саразон, дæумæ гæсгæ?

– Скув нæ зындзинæтты тыххæй.

– Скуывтон æмæ ракуырдтон, цæмæй нын Хуыцау нæ зындзинæдтæ райхала. Ноджы ма Йæ бафарстон, æз цы хъуамæ саразон, зæгъгæ, фæлæ мын Уый дзуапп нæ радта. Уымæ гæсгæ, æз не `мбарын, цæмæн хъуамæ уон æнкъард æмæ дзæгъæлы архайон, кæмæй ницы рауайдзæн, уыцы хъуыддаг аразыныл.

Мæ мидзæрдæйы æз зыдтон, мæ лæг раст у, фæлæ мын æндæр хъæлæс дзырдта, зындзинады рæстæг цин кæнын у æнæфсæрмдзинад, зæгъгæ. Афтæ уыди бирæ æзты дæргъы: зындзинæдты рæстæг Дейв цин кодта, æз та – мæсты, Хуыцау та йын алыхатт æххуыс кодта. Уымæ гæсгæ,

æппынфæстаг æз бамбæрстон: мæ тыхст, мæ катай ницы сты, хъуыддагæн не `ххуыс кæнынц. Мæхи æнамонд æнкъардтон — уый уыди аххосаг, мæ куывды дзуаппæн йæ уромаг. Ныр мæ бон у мæхи сабыр дарын алы уавæры.

Иоанны 16:33 Йесо загъта: «Уыдæттæ уын Æз уый тыххæй загътон, цæмæй Мемæ уат æмæ Мæ фарнæй схайджын уат. Ацы дунейы хъизæмæрттæ æвзардзыстут, фæлæ-иу фидар лæууут: Æз фæуæлахиз дæн ацы дунейыл». Цард æнæзындзинадтæ нæ вæййы, фæлæ сын мах хъуамæ ма бакомæм.

(Лука 8:13, 1Коринфæгтæм 10:13, Иаков 1:12)

«Фæлæ æппæт уыдæттыл уæлахиз кæнæм нæ Бауарзæджы хъаруйæ» Ромæгтæм 8:37.

Йесо Чырыстийы руаджы, мах дæр стæм уæлахизгæнджытæ.

Акæсут Павелмæ, фæзминаг уын уæд: уый сахуыр ис райгондæй уæвын йæ мæгуыр бонты дæр æмæ йæ хъæздыг бонты дæр (Филиппæгтæм 4:11-12). Афтæмæй, ды дæр куы нæ сахур кæнай дæхи афтæ дарын, уæд зындзинæдтæ дæ царды никуы фæуыдзысты. Зон æй, кæд хæйрæгæн йæ бон бауа дæ уавæртæй спайда кæнын æмæ дæ сызмæнта, уæд дæхæдæг дæр йæ дæлбар бахаудзынæ. Фæлæ дæ зæрдæйы фарн куы уа, уæд йæ алы хинтыл дæр фæтых уыдзынæ.

# «Абон»-æй цæрут

# 7

# «АБОН»-ÆЙ ЦÆРУТ

«Уæдæ мæт ма кæнут сомбоныл, уымæн æмæ сомбон йæхæдæг тыхсдзæн йæ хъуагыл. Алы бонæн дæр йæхи сагъæстæ æгъгъæд сты» (Матфейы 6:34).

Тынг æнцон у фарн фесæфын сомбоныл куы мæт кæнай, уæд. Абоны хъуыддæгтыл мæт уын фаг нæу, цæмæн ма тыхсут сомбоны хъуыддæгтыл? Хуыцау нын æххуыс кæны абон æмæ нын сом дæр баххуыс кæндзæн. Стæй нæ тыхст иуæй иу хатт вæййы дзæгъæлы. Вæййы афтæ æмæ мах катай кæнæм цы ныл никуы `рцæудзæн, ууыл. Уыцы катай тасмæ куы ахиза, уæд цæмæй тæрсæм, уый ныл æрцæудзæн. Сомбонæй ма тæрсут. Хуыцау никуы сайы æмæ сомбонма цы хъæуа, уый сом сараздзæн. Уый дын дæ алы зындзинады баххуыс кæндзæн. Уымæ гæсгæ, дæ сомбоны мæтæй абон дæхи ма æнкъард кæн, фæлæ уый бæсты цин кæн абоны хорздзинадыл. Уæд махæн бирæ фылдæр бантысдзæн, Хуыцауыл куы æууæндæм æмæ абоны бонæй куы цæрæм, уæд.

Ӕз уый хорз бамбæрстон, Библи ахуырадон скъолайы ахуыргæнæгæй кусын куы райдыдтон къуыри иу хатт, уæд. Уый размæ та, нæхъæн бон, райсомæй изæрмæ, куыстон æндæр ран. Уыдтæн ма аргъуаны хистæры æххуысгæнæг дæр æмæ къуыри иу хатт амыдтон Хуыцауы ныхас бынадтон аргъуаны, æфтæмæй та мын уыд цыппар сывæллоны. Ӕнæнхъæлæджы мын фадат фæзынди къуыри æртæ хатт амонон Библи ахуырадон скъолайы. Уый мæ тынг фæндыди раздæр æмæ мæ фæндон сыххæст ис. Фæлæ мæ уроктæ куыд фылдæр кодтой афтæ мын сæ цæттæ кæныны рæстæг дæр хъуыди фылдæр. Уымæй уалдай ма мæ хъуыди Хуыцауы Ныхас тынг дзæбæх сахуыр кæнын æмæ зонын. Цæттæ кæнын та мæ бон уыд æрмæст изæрæй, уымæн æмæ бонæй кодтон кусгæ.

Бирæ куывдыты æмæ хъуыдыты фæстæ, алцыдæр Хуыцауы къухтæм радтон. Нæ йæ зыдтон, мæ бон куыд бауыдзæн уыдæдтыл фæтых кæнын. Фæлæ цыдысты бонтæ æмæ дзы алцыдæр фæразтон, уымæн æмæ мæ зæрдыл дардтон Йæ ныхас, «абон араз дæ бон цы у, æрмæст уый, æмæ дæ хъуыддæгтæ размæ цæудзысты». Хуыцау мын алы хъуыдтаджы дæр æххуыс кодта, иннæ аз та мын уыди бира анцондæр, уымæн æмæ мын алы урокы конспект дæр цæттæ уыдис æмæ мæ уый бæрц цæттæ кæнын нал хъуыди.

Уым уыди дыууæ аххоссаджы, æмæ Хуыцауы фæндыди, цæмæй уыцы куыст бакæнон. Фыццаг: цæмæй сахуыр уон абоны бонæй цæрын æмæ сомбоныл ма мæт кæнон. Дыккаг та - цæмæй сахуыр уон адæмæн хуыздæр æмæ арæхдæр Хуыцауы фæдзæхстытæ амонын. Абон дæр ма аргъуаны арæх лæггад кæнын æмæ бирæ конференциты исын хай æндæр æмæ æндæр бæстæты, Хуыцауы Ныхас дзургæйæ.

Æндæр æнæхъæугæ сагъæсты аххосаг ма у, адæм бирæ хъынцъым æмæ хъуыды кæй кæнынц сæ раздæры рæдыдтытыл. Махæй алчи дæр рæдийы. Афтæ кæмæй хъуыды кæнут, æмæ алцæмæй æххæст у, зæгъгæ, уый дæр кæддæр фæрæдийы. Мах дæр иуай иу хатт фæрæдийæм ныхасæй кæнæ хъуыддагæй, уый фæстæ Хуыцауы раз фæсмон кæнæм, уымæн æмæ æрмæст Уый бон у мах ссыгъдæг кæнын нæ алы тæригъæдæй. Уый дæр бамбæрстон: нæ рæдыдтытыл æдзух хъынцъым кæныны бæсты, уæлдайдæр срастгæнæн кæмæн нал ис, уым бауæндæм Хуыцауыл, цæмæй нæ рæдыдтытæн сæ кæрон хорз рауайа.

Æз дæр-иу фæфæсмон кæнын мæ дзæгъæл ныхæстыл. Фæлæ Хуыцаумæ скувын, цæмæй цы адæймаг фæхъыг кодтон, уымæн бамбарын кæна, барæй кæй нæ сарæзтон афтæ, æмæ нын нæ кæрæдзи æмбарындзинад сног кæна. Мæхæдæг та вæййын сабыр, уыцы адæмаджы куы фенын,

уæд, мæхи дзы не`мбæхсын æмæ нæ къæмдзæстыг кæнын.

Ивгъуыд рæдыдтытыл хъуыдытæ нын сты къæппæджытау, нæхи сæ хъуамæ хизæм.

Бирæ хатт Дейвимæ нæ сихор хæрæндоны фæкæнæм æмæ хатгай афтæ рауайы, сæ хæринаг уыцы бынаты нæ фæбæззы. Раздæр иу ахæм ранæй куы рахызтыстæм, уæд-иу тынг фæсмон кодтам, цæмæн дзы бацыдыстæм, зæгъгæ. Фæлæ нын уыцы хъуыр-хъуырæй цы пайда уыди? Хæринаг хæрд уыди, æхца та фыст, исты раивынæн дзы ницы гæнæн уыди, уымæ гæсгæ нæ фæсмоны ныхæстæй дæр ницы пайда уыди. Ныр та ахæм ранмæ куы бахауæм, уæд зæгъæм: ацы бынат уый аккаг нæу æмæ ма йæм искуы æрбаздæхæм сихор хæрынмæ.

На хæдзары дуарыл ис фыст: цы рæстæг аивгъуыдта, уымæй куы цæрай, уæд дæ цардыл бæттыс стыр уаргъ. Сомбонæй куы цæрай, уæддæр дæ цард уыдзæнис зын. Фæлæ æрцæугæ боныл цинæй куы `мбæлат, уæд уый та, раст фæндагыл кæй лæуут, уый æвдисæн у.

# Кувындзинад фарн дæтты

# 8

# КУВЫНДЗИНАД ФАРН ДÆТТЫ

«Мацæуыл мæт кæнут, фæлæ алы хатт дæр кувут Хуыцаумæ, лæгъстæ Йын кæнут, арфæ Йын кæнгæйæ, æргом кæнут уæ фæндиæгтæ, æмæ, зонд кæуыл не ’ххæссы, Хуыцауы уыцы фарн бахъахъхъæндзæн уæ зæрдæтæ æмæ уæ зонд Йесо Чырыстиимæ иудзинады фæрцы» (Филиппæгтæм 4:6-7).

Уæ уавæртæ хорз куы нæ уой, афтæмæй та тыхсгæ æмæ мæсты куы нæ кæнат, фæлæ уæ мидæг Хуыцауы æнцойад куы хъахъхъæнат, уæд уæ зæрдæ, зонд кæуыл не`ххæссы, ахæм фарнæй байдзаг уыдзæн.

Уе`ппæт уæргътæ раттут Йесо Чырыстийæн, 1 Петры 5:7 куыд фыст ис, афтæ «Уе`ппæт сагъæстæ бакæнут Йæ бар, уымæн æмæ Йæ мæт сымахыл у». Æндæр тæлмацæй ацы Библийы фыст уыдзæн афтæ: «Раттут Йын уæ сагъæстæ, уæ тыхстытæ, уе` нкъарддзинæдтæ, цыдæриддæр у уæ мæт, уыдон иууылдæр, уымæн æмæ Уый Йæ цæст дары сымахыл, цæмæй уын йæ

афоныл æххуыс рарвита!». Цæй диссаг у! Хъыгагæн, бирæ чырыстонтæ нæ пайда кæнынц уыцы хорзæхæй. Сымах та цы зæгъут? Уе ‘ппæт сагъæстæ Йесойæн дæттут? Кæд нæ, уæд хуыздæр уыдзæн, афтæ тагъддæр куы райдайат аразын. Цас фылдæр бафæстиат уад, уыййас фылдæр тыхсдзыстут æмæ уыл хæйрæджы бартæ фæтыхджындæр уыдзысты, уæд уын зындæр уыдзæн йæ хызтæй фервæзын.

Æз мæхи Чырыстийыл фæдзæхсын куы райдыдтон, уæд мыл ме `ппæт сагъæстæ æртыхстысты æмæ æнæхъæн бонтæ уыдоныл хъуыды кодтон.

«Хуыцау, куыд сыл хъуамæ нæ хъуыды кæнон?» - бафарстон æз Хуыцауы. Æмæ мын дзуапп радта: «Тынг æнцон, Джойс, æндæр истæуыл хъуыды кæн». Æцæгæйдæр, куы нæ хъуыды кæнай дæ зындзинæдтыл, уæд æнцондæр у. Фæлæ йыл уæддæр куы хъуыды кæнай, уæд дæ хъуыдытæ æрмæст хорзæрдæм сараз.

«Мацæуыл мæт кæнут, фæлæ алы хатт дæр кувут Хуыцаумæ, курут Дзы, бузныгæй Йын æргом кæнут уæ фæндиæгтæ» (Филиппæгтæм 4:6).

Кувут, мацæуыл тыхсут æмæ уын уæд «Хуыцауы уыцы фарн бахъахъхъæндзæн уæ зæрдæтæ æмæ уæ зонд Йесо Чырыстиимæ иугондæй» - уый у, адæймаджы зонд кæуыл не `ххæссы, уыцы фарн. Цæмæй æвзæр хъуыдытæ уæ сæрмæ ма хизой, уый тыххæй та хъуыды кæнут «æцæг, уæздан,

раст, сыгъдæг, уарзинаг, æхцон цыдæриддæр у, цыдæриддæр нывыл æмæ раппæлинаг у, уый тыххæй æмæ уымæ бæллут» (8 бынат).

Æз кувын, цæмæй ацы Хуыцауы амындæй спайда кæнат уæ царды, æмæ уын цы хорздзинæдтæ æрцæттæ кодта, уыдонæй æххæст уат.

# Райдайут ног цард!

Йесо Чырыстийæн уæ цард кæд нæма радтат, уæд бакувут ацы куывдæй, æмæ уын Хуыцау ног цард балæвар кæндзæн.

Хуыцау, мæн уырны, Йесо Чырысти Дæ Фырт æмæ Дунейы Ирвæзынгæнæг кæй у, уый. Мæн уырны, Йесо дзуарыл кæй амард æмæ уымæй бафыста мæ тæригъæдтæ. Мæн уырны, æртыккаг бон Йесо мæрдтæй кæй райгас æмæ ныр Дæ рахизфарс кæй ис.

Йесо, мæ Хуыцауыл дæ нымайын, мæ цард æнæ Дæу афтид у. Аммен.

Амæй фæстæмæ, Йесо цæры уæ зæрдæйы. Хуыцау уын ныххатыр кодта, радта уын сыгъдæг зæрдæ, æмæ мæлæты фæстæ ацæудзыстут уæларвмæ.

Ссарут чырыстонты æмбырд (аргъуан), Хуыцауы дзырдыл кæм ахуыр кæнынц, æмæ райдайут Хуыцауимæ иудзинад агурын.

Кæсут æмæ æххæст кæнут Хуыцауы Дзырд, цæмæй уæ цард раиват: «...Мæ ныхасмæ гæсгæ куы

цæрат, уæд æцæг Мæ ахуыргæнинæгтæ уыдзыстут, æмæ базондзыстут æцæгад, æмæ уæ æцæгад ссæрибар кæндзæн» (Иоанн 8:31-32).

Кæсут æмæ ахуыр кæнут Ног Фæдзæхст, цæмæй уæ зæрдæ сфидар уа. Цыфæнды уавæры дæр агурут Хуыцауы фæдзæхст, æмæ уæ Уый раст фæндагыл сæвæрдзæн.

Уарзын уæ, Джойс Майер

# Авторы тыххæй

Джойс Майер у Библийы номдзыд иртасджытæй иу, ныффыста цыппарыссæдз чиныгæй фылдæр, уыдонимæ сты йæ зындгонд чингуытæ: «Æз æмæ мæ даргъ æвзаг», «Чи у хæдзары хицау», «Зонд – тохы быдыр» æмæ бирæ æндæртæ. Ноджы ма йæ мидисджын ахуырæдтимæ рауагъта иу мины бæрц дисктæ.

Джойс уадзы конференцитæ дæр. Æгас дунейы зындгонд у йæ программæ «Цинæй йемыдзаг цард», лæвæрд цæуы телеуынынад æмæ радиойы.

Джойсæн йæ лæг Дейвимæ ис цыппар сывæллоны, цæрынц горæт Сент-Луисы, АИШ-ы штат Миссурийы.

**tv.joycemeyer.org/Ossetian**



**УЕ `ППÆТ САГЪÆСТÆ РАТТУТ ХУЫЦАУÆН… ÆМÆ УЫН СÆ БÆСТЫ РАТДЗÆН ФАРН ÆМÆ ЦИНДЗИНАД!**

Мыййаг, ды архайыс, дæ бон цы нæу, уый аразыныл? Ды фæлварыс искæцы адæймаджы раивын? Ды æнамонд дæ, уымæн æмæ дæ уды уавæр дæ зæрдæмæ нæ цæуы? Дæ фарн-иу фесæфы? Кæд дæ зæрдæйы фарн нæй, уæд дæ цардæй дæр райгонд нæ уыдзынæ. Джойс Майер æвдисы, нæ алы боны цардыл куыд хъуамæ цæуой нæ бартæ ... æмæ царды тымыгъ уад æхсæн фарн куыд ссарæм.

Ацы чиныджы Джойс амоны:

- Хуыцаумæ æмæ Йæ хуыздæр рæстæгмæ æнхъæлмæ кæсын
- Куыд фæтых уæм, чи нæ мæсты кæны æмæ нын нæ фарн чи давы, уыдоныл
- Сабыр æмæ æууæнкджын ахастæй тых ссарын
- Дæ цæстæнгас райсомы сагъæстыл нæ, фæлæ абоны фарныл саразын
- Хуыцауы фарн алцæмæй дæр уæлдæр у. Уый дын Йæ лæвар у. Цæттæ дæ йæ райсынмæ?